**Приложение №2**
**к проекту «Къонахчун лар»**

# Заняти лакхарчу тобанехь «Майра дог»

**Лакхарчу тобанан кхетош-кхиорхо: Албекова Ж. Г.**

**1аморан 1алашонаш:** Обарг Зеламха вовзийтар.

**Кхетош-кхиоран 1алашонаш:** г1ийлачунна, мискачунна г1о дан, тешаме хила 1амор, массо а адамаш вовшашна г1о-накъосталла дан декхар хилар, вовшийн лоруш хила дезар д1адовзийтар, турпалхойн сий-лерам бан 1амор.

**Дешаран дакъа:** къамел кхиор

**Кхечу дешаран дакъошца з1е:** исбаьхьаллин хазалла кхиор, социально-коммуникативни кхиор, физически кхиор.

**Кхетош-кхиорхочо д1ахьур йолу методически приемаш:**

-Хазахетаран киртиг (Воккха стаг)

-дийцар

-хаттарш

-байташ

-дешнаш т1ехь болх

-индивидуальни болх

**Гайтаман г1ирс:** ролик, слайд, суьрташ………..

**Кечаман болх:** байташ 1амор

**ООД д1айахьар:**

-Де дика хуьлда шун, бераш!
Г1ийтта хьала, баккхий гуо
Лаца куьйгаш, делало!
Тухуш лаьтта маса когаш,
Т1араш тоха, ца йеш мало!
-Дика бераш ду. Охьахийжа.

**Кхетош-кхиорхо:**

-Сан хьоме Нохчийчоь,
Со вина латта!
Хьуна чохь веха со
Дозалла деш.
Со кхачарх, со вахарх
Муьлххачу метте,
Со гуттар хир ма ву
Хьан пусар деш.

-Бераш, стенах лаьцна йу и байт?

***Берийн жоьпаш…***

-Нийса бах. Даймахках лаьцна йу. Ткъа вайн Даймохк муьлха бу? Стенгахь дехаш ду вай?

***Бераша жоьпаш ло…***

**Кхетош-кхиорхо:** ткъа шуна хаий Нохчийчоьнах лаьцна цхьа а байт?

**Бераша байташ йуьйцу…**

-Деза суна лекха лаьмнаш
Лаьмнех дуьйлу шовданаш
Ц1ена 1алам, йуькъа хьаннаш,
Сан Даймахкан аматаш…

-Хьомсара сан Даймохк, со ирсе хета,
Хьуо мед лбу вехаш ву
Дуьненчохь со.
Хьуна мел кхоьссинарг
Сан дагна кхета,
Сан дог а лазадо
Лазийча хьо…

**-Кхетош-кхиорхо:** Мел хаза схьайийци байташ! Дика бераш ду! Вайн Даймахкана хьалх-хьалха дуьйна дуккха а халонаш т1е1иттайелла. Зама хала йара аьлла, чолхе йара аьлла боха а ца бухуш, вайн мехкан турпалхоша ларйеш, схьайалийна вайн Нохчийчоь. Бераш, муьлха турпалхой боьвзу вайна?

***Берийн жоьпаш…***

**Кхетош-кхиорхо:**

Ткъа тахана суна шуна вовзийта лиънарг Харачойн Зеламха ву. Дера хилла и 1аламат майра а, хьекъал долуш а къонаха…

***Кхетош-кхиорхо дуьйцуш а йолуш, воккха стаг гучуволу…***

***Бераша хьала а г1овттий, де дика до.***

**Воккха стаг:** Бехке ма лаpалаш, кхайкханза со варна. Харачойн Зеламхи ц1е йоккхуш а хезна, сехьавелира со.

**Кхетош-кхиорхо:** Дада, марша вог1ийла хьо! Ма дика дара-кх хьо сецца. Тха обарг Зеламхах лаьцна дийца дохкуш дара.

**Воккха-стаг:** Обарг хьенах олу хаий шуна, бераш? Ц1а ван йиш а йоцуш, ц1а веача 1едало лоцур волуш, лелачух олу и. ***(Дешнаш т1ехь болх)***

**Кхетош-кхиорхо:** Дада, хьо тхоьца саца а сецна, ахьа тхуна цуьнах лаьцна дийцича, тхуна 1аламат ч1ог1а хазахетар дара. Дарий, бераш?

**Воккха-стаг:** Хаза а хеташ дуьйцур ду.. Ла дог1а лерина.

***(Воккха стага охьа а хиъна, шен дийцар доладо. Экрана т1ехь гойтуш видеоролик а йу)***

Со жима волчу хенахь тхан ненан нанас уггаре хьалха суна дуьйцу хезначу туьйранашна юкъахь дара обарг Зеламхин хьокъехь долу туьйра. Цкъа а диц ца ло иза 1аламат вазвеш, хестош, мискачу, къечу нахехьа г1о дохуш, церан парг1атонехьа, паччахьан хьаькамашний, меттигерчу мехкадайшний, къинхьегаман нехан хьацарх бехаш хиллачарний дуьхьал къийсам латтош хилла бохуш вийцар.

Кхин масех шо даьлча, 20-чу шерашкахь суна дуьххьара гина кинофильм йара Зеламхин хьокъехь дуьйцуш. Иштта веара сан кхетаме обарг Зеламха. Т1аьхьо ас дуккха а литература йийшира цуьнан хьокъехь. Суна хиира иза бакъонца мила хилла. Харачойн Зеламха кхиболу обаргаш санна волу обарг ца хилла. Хууш ду оцу муьрехь обаргашна юкъахь дуккха а талорхой, ма-дарра аьлча бандиташ а хилла хилар. Иштттачарах ца хилла Харачойн Зеламха. Паччахьан 1едалан векалший, меттигерчу хьаькамаший, шайхаш, молланаш ду шаьш бохуш нехан ц1ий муьйлуш леллачу 1еламнахий нохчийн къехошкахь далийна 1азап, латтайо харцо кхин лан ницкъ а ца кхаьчна, шен доьзал, вина юрт д1а а тесна, обарг ваьллачу Зеламхас цкъа а, цхьа а бохам беш ца хилла къечу, хьаналчу нахана. Амма цо къахетамза бекхам беш хилла къехошна зен, зулам диначарна.

Паччахьан заманахь цхьана адаме ца лабаллал дукха, къиза ницкъаш бина Зеламхина, набахти чохь валлийна, цуьнан доьзал набахти чохь баллош а, Сибире бохуьйтуш а лерарш дина. Амма къар ца велла паччахьан 1едалан хьадалчашка, къехошкахьа гIo дохуш цо латтийначу къийсамах вуха ца ваккхавелла иза.

**Кхетош-кхиорхо:** Дадас дийцинчунна т1етоха лаьар дара суна Зеламхан куцах лаьцна дийцар. 1аьржочу аматахь а волуш, ц1ен йогуш беснеш а йолуш, буьрса девлла даккхий мекхаш а, цкъоцкъамаш а долуш, хаза куц долуш хилла Зеламаха. Кху суьрта т1ехь шуна гур ву и.

***Берашна сурт гойту…***

Воккха стага чекхдоккху шен дийцар: Зеламха т1ех майра, доьналла долуш, тешаме хиларна, дукха наха г1о-накъосталла дора цунна. И волу меттиг 1едална ца хоуьйтуш, и лаца 1едал дог1учу хенахь цунна хаам а беш и ларвора цара.

Ч1ог1а когаш лозуш, могушвоцуш а хилла, шен гергара стаг волчахь дарбанаш лелош вара Зеламха. Х1усамдас, шена пайда хир бу моьттуш, Зеламха волу меттиг 1едале д1ахаийтирнера. 1едал Зеламха схьалаца деара. Ц1а чуьра сиха араиккхина Зеламха, шена г1овг1анаш ма-хеззинехь. Топ кхетта белшаш лазийра цуьнан. Бешарчу г1одмийн такхора йукъа вуьйлира Зеламха. Цу буьйсанна цунна т1ебаха ца баьхьаш, сахиллалц цунна т1е тоьпаш а йетташ 1ийра салтий. Оцу такхорана йукъахь, г1евланга г1одамийн ц1ов биллина, йуьхьа т1е вертанан т1ам а тесна, д1акхелхира нохчийн къоман турпалхо Зеламха.

Хьалха хала а, къиза а хилла Зеламхин а, цуьнан халкъан а кхоллам, х1инцакхин а сирла, ирсе, парг1ат дахар ду нохчийн. Мел воккхавер вараЗеламха таханлера Нохчичоь, шен махкахой гича! Бераш, Зеламхера схьаэца дуккха а масала ду вайна. Шуна цуьнан амалехь уггаре а тайнарг х1ун ду?

***Берийн жоьпаш: майра хилар, къинхетаме хилар, нийсо ларйеш хилар…***

-Нийса бах. Ткъа х1инца, сан д1аваха хан гергайахана. Шу 1а дика йойла! Марша 1айла!

**Бераш:** 1а дика йойла хьан, дада!

***(Воккхастаг д1авоьдуш, бераш хьалаг1овтту)***

**Кхетош-кхиорхо:** Бераш, ма хаза дийицра вайна дадас цунах лаьцна. Вай. Х1инца сада1аран минот йай? Хьалаг1овтта, гуо а беш.

***Сада1аран минот.***

Маьлхан серло йаржале,
Цхьаъ, шиъ, кхоъ,
Г1енаш лахка, човхаде,
Цхьаъ-шиъ-кхоъ.
Йиша, ваша г1аттаде,
Цхьаъ-шиъ-кхоъ.
Физзарядка йолайе,
Цхьаъ-шиъ-кхоъ.
Меттахвала, кхоссалол,
Цхьаъ-шиъ-кхоъ.

**Жам1 дар:**

**Кхетош-кхиорхо:**

-Бераш, хьенах  лаьцна дийцира дадас?

**Бераш:** Обарг Зеламхах лаьцна дийцира цо.

**Кхетош-кхиорхо:** Нийса боху. Дика ладоьг1на хилла аш.

-Муха аматаш дара Зеламхин?

-Х1унда хилира Зеламхах обарг?

Бераш, вай тахана дийцинчух жам1 а деш, вайн тобанера …….. вайна мог1анаш доьшур ду:

Цхьанне а вицлур вац нохчийн турпалхо,
Даима истри йукъахь и хи рву.
Иллешкахь дуьсур ду и буьрса денош,
Дийцаршкахь-цо дина некъаш.

**Рефлекси йар.**